# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
22.02.2010-ж. №18/I

# ПОЧТА БАЙЛАНЫСЫ ҲАҚҚЫНДА

## I-БАП. УЛЫЎМА РЕЖЕЛЕР

### 1-статья. Усы Нызамның мақсети

Усы Нызамның мақсети почта байланысының шөлкемлестирилиўи ҳәм жумыс алып барыўы саласындағы қатнасықларды тәртиплестириўден ибарат.

### 2-статья. Почта байланысы ҳаққындағы нызам актлери

Почта байланысы ҳаққындағы нызам актлери усы Нызам ҳәм басқа да нызам актлеринен ибарат.

Егер Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамасында Қарақалпақстан Республикасының почта байланысы ҳаққындағы нызам актлеринде нәзерде тутылғанынан басқаша қағыйдалар белгиленген болса, халықаралық шәртнама қағыйдалары қолланылады.

### 3-статья. Тийкарғы түсиниклер

Усы Нызамда төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

**абонемент почта шкафы** – почта байланысы объектлеринде орнатылатуғын қулыпланатуғын қутышалардан ибарат арнаўлы шкаф болып, бул қутышалар жазба хат-хабарларды, дәўирли баспа басылымларды, почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларының почта өткермелери келгенлиги ҳаққындағы хабарнамаларды алыў ушын адресатлар тәрепинен белгили бир мүддетке ижараға алынады;

**абонент почта шкафы** – көп квартиралы жайда, сондай-ақ жеткерип бериў участкасында орнатылатуғын, жазба хат-хабарларды, дәўирли баспа басылымларды, почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларының почта өткермелери келгенлиги ҳаққындағы хабарнамаларды адресатларға жеткерип бериў ушын арналған қулыпланатуғын қутышалардан ибарат арнаўлы шкаф;

**адресат** – почта, курьерлик жөнелтпе, ақша қаржыларының почта өткермеси, телеграф хабары ямаса басқа да хабар жолланған юридикалық ямаса физикалық шахс;

**жазба хат-хабарлар** – әпиўайы, буйыртпа, қуны жәрияланған хатлар ҳәм бандероллар, әпиўайы буйыртпа почта карточкалары ҳәмде әпиўайы буйыртпа секограммалар, сондай-ақ майда пакетлер;

**курьерлик жөнелтпелер** – жөнетилиўи қысқа мүддетлерде қолдан қолға жеткерип берилген (тапсырылған) ҳалда әмелге асырылатуғын почта карточкалары, хатлар, бандероллар, посылкалар, баспа басылымлар;

**курьерлик хызметлер** – почта байланысы операторы ямаса провайдериниң курьерлик жөнелтпелерин жөнетиў ҳәм жеткерип бериў (тапсырыў) бойынша жумысы;

**қадағалаў мүддетлери** – почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларының почта өткермелерин қабыл етиў орнындағы почта байланысы объектинен оларды тапсырыў ҳәм жеткерип бериў орнында почта байланысы объектине шекем жөнетиў ушын белгиленген ең көп ўақыт аралығы;

**почта байланысы** – почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларының почта өткермелерин жөнетиў ҳәм жеткерип бериўди (тапсырыўды) тәмийинлеўши техника ҳәм транспорт қуралларының бирден-бир өндирислик-технологиялық комплексинен ибарат байланыс түри;

**почта байланысы қураллары** – почта байланысы хызметлерин көрсетиў ушын пайдаланылатуғын имаратлар, жасаў ушын арналмаған жайлар, әсбап-үскенелер, техника ҳәм транспорт қураллары, сондай-ақ почта конвертлери, карточкалары ҳәм таралар;

**почта байланысының миллий операторы** - Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен Өзбекстан Республикасы шеклеринде мәжбүрий рәўиште универсал хызметлер көрсетиў ўазыйпасы жүкленген почта байланысы операторы;

**почта байланысы объектлери** – почта байланысы операторларының өз алдына бөлимлери (почтамтлар, почта байланысы узеллери, бөлимлери, пунктлери, сондай-ақ басқа да бөлимлер);

**почта байланысы операторы** – меншик ҳуқықы ямаса басқа да затлық ҳуқықлар тийкарында почта байланысы тармағына ийелик етиўши ҳәм жумысының тийкарғы түри сыпатында почта байланысы хызметлерин көрсетиў ҳуқықына ийе болған юридикалық шахс;

**почта байланысы провайдери** – пайдаланыўшыларға почта байланысы операторларының тармағы арқалы почта, курьерлик хызметлер көрсетиўши юридикалық шахс;

**почта байланысы тармағы** – почта байланысы объектлери ҳәм почта жөнелислери комплекси;

**почта байланысы хызметлери** - почта байланысы операторы ямаса провайдериниң почта ҳәм курьерлик хызметлер көрсетиў бойынша жумысы;

**почта байланысы хызметлеринен пайдаланыўшы (пайдаланыўшы)** - почта байланысы хызметлериниң тутыныўшысы болған юридикалық ямаса физикалық шахс;

**почта жөнелтпелери** – мәнзили көрсетилген жазба хат-хабарлар, посылкалар ҳәм тийисли ораўдағы баспа басылымлар;

**почта төлеминиң мәмлекетлик белгилери** – почта маркалары ҳәм франкирлаў машиналарының почта жөнелтпелерине почта байланысы хызметлери ҳақысы төленгенлигин тастыйықлаў ушын түсирилетуғын тамғасы;

**почта хызметлери** - почта байланысы операторы ямаса провайдериниң почта жөнелтпелерин, сондай-ақ ақша қаржыларының ақша өткермелерин жөнетиў ҳәм жеткерип бериў (тапсырыў) бойынша жумысы;

**почта қутысы** - почта байланысы миллий операторының мәнзили көрсетилген әпиўайы хатлар ҳәм почта карточкаларын жыйнаў ушын арналған белгиленген форма ҳәм өлшемдеги қулыпланатуғын арнаўлы қутысы;

**ақша қаржыларының почта өткермеси** - почта байланысы операторы ямаса провайдериниң почта байланысы ҳәм телекоммуникация тармақларынан пайдаланған ҳалда ақша қаржыларын жөнетиў ҳәм жеткерип бериў (тапсырыў) бойынша хызмети;

**секограмма** – көзи әззилер ушын мәкемелер тәрепинен почта байланысы тармағы арқалы жөнетилетуғын, көзи әззилер ушын арналған ашық тәризде тапсырылатуғын жазба хат-хабарлар, баспа басылымлар, көзи әззилер ушын жазыў системасының белгилерине ийе тамға, сондай-ақ көзи әззилер ушын арналған сесли жазыўлар ҳәм арнаўлы қағаз;

**универсал хызметлер** – пайдаланыўшыларға Өзбекстан Республикасы шеклеринде қолайлы баҳаларда көрсетилетуғын ҳәм белгиленген талапларға сәйкес келетуғын сападағы почта хызметлери;

**франкирлеў машинасы** – жазба хат-хабарларға почта байланысы хызметлери ушын ҳақы төленгенлигин, усы хат-хабарлар қабыл етилген сәнени ҳәм басқа да мағлыўматты тастыйықлаўшы тамға излерин түсириўге арналған машина;

**қуны жәрияланған жөнелтпелер** – жөнетилип атырғанда жайланба қуны пайдаланыўшы тәрепинен жәрияланған почта ҳәм курьерлик жөнелтпелер.

**4-статья. Почта байланысы саласындағы тийкарғы принциплер**

Почта байланысы саласындағы тийкарғы принциплер төмендегилерден ибарат:

барлық пайдаланыўшылар ушын почта байланысы хызметлеринен пайдаланыў имканияты;

стандартлар, нормалар ҳәм қағыйдалардың бирден-бирлиги;

пайдаланыўшылардың ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплери сақланыўы;

хат алысыўлар, почта ҳәм курьерлик жөнелтпелериниң сыр тутылыўы, сақланыўы;

почта ҳәм курьерлик жөнелтпелер транзитиниң еркинлиги.

## II-БАП. ПОЧТА БАЙЛАНЫСЫ САЛАСЫН МӘМЛЕКЕТ ТӘРЕПИНЕН ТӘРТИПЛЕСТИРИЎ ҲӘМ БАСҚАРЫЎ

### 5-статья. Почта байланысы саласын мәмлекет тәрепинен тәртиплестириў

Почта байланысы саласын мәмлекет тәрепинен тәртиплестириў илимий-техникалық сиясатты қәлиплестириў, лицензиялаў, сертификатластырыў арқалы, сондай-ақ нызам актлеринде нәзерде тутылған басқа да усыллар менен әмелге асырылады.

### 6-статья. Почта байланысы саласындағы арнаўлы ўәкилликли уйым

Почта байланысы саласындағы мәмлекетлик басқарыўды Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленген арнаўлы ўәкилликли уйым (буннан былай текстте арнаўлы ўәкилликли уйым деп алынады) әмелге асырады.

Арнаўлы ўәкилликли уйым:

почта байланысын раўажландырыўдың мәмлекетлик бағдарламаларын қәлиплестиреди ҳәм олардың әмелге асырылыўын шөлкемлестиреди;

почта байланысы хызметлерин көрсетиў қағыйдаларын тастыйықлайды;

почта төлеминиң мәмлекетлик белгилери, үлгилерин тастыйықлайды ҳәмде маркаларын басып шығарады, оларды айланысқа киргизиў ҳәм айланыстан шығарыў тәртибин белгилейди;

почта төлеминиң мәмлекетлик белгилери мәмлекетлик коллекциясын қәлиплестиреди;

универсал хызметлерге байланыслы тарифлерди тастыйықлайды;

почта байланысы тармақлары ҳәм хызметлерин раўажландырыў, почта ҳәм мәлимлеме қәўипсизлигин тәмийинлеў мәселелери бойынша почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлериниң жумысын муўапықластырады;

почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери ушын мәжбүрий болған почта индекслерин, сондай-ақ жазба хат-хабарларды алып кетиў дәўирлилиги нормативлерин ҳәм почта жөнелтпелери өтиўин қадағалаў мүддетлерин тастыйықлайды;

франкирлеў машиналарынан пайдаланыў тәртибин белгилейди;

көрсетилип атырған хызметлер сапасы үстинен мәмлекетлик қадағалаўды әмелге асырады, пайдаланыўшылардың ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплерин қорғайды, почта байланысы операторлары, провайдерлери ҳәм пайдаланыўшылар арасындағы өз-ара қатнасықлар мәселелерин қарап шығады;

почта байланысы қәнийгелерин таярлаў ҳәм олардың маманлығын асырыўды шөлкемлестиреди;

халықаралық бирге ислесиўди әмелге асырады.

Арнаўлы ўәкилликли уйым нызам актлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыўы мүмкин.

**7-статья. Айрықша жағдайларда почта байланысы хызметлерин көрсетиў**

Айрықша жағдайларда (әскерий ҳәрекетлер, жер силкиниўлер, суў тасқынлары, өртлер, эпидемиялар ҳәм басқаларда) почта байланысы хызметлерин көрсетиў тәртиби Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

**8-статья. Почта байланысы объектлеринде жүз берген ҳәдийселер, авариялар ақыбетлерин сапластырыў**

Почта байланысы объектлеринде жүз берген ҳәдийселер, авариялар ақыбетлерин сапластырыў олардың мүлкдарлары, ийелери тәрепинен әмелге асырылады.

Мәмлекетлик басқарыў уйымлары, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары, почта байланысы объектлеринде жүз берген ҳәдийселер, авариялар ақыбетлерин сапластырыўға почта байланысы операторларына көмеклеседи.

Почта байланысы объектлеринде юридикалық ҳәм физикалық шахслардың айыбы менен жүз берген ҳәдийселер, авариялар ақыбетлеринде почта байланысы операторлары яки провайдерлерине келтирилген зыянның орны нызам актлеринде белгиленген тәртипте қапланады.

## III-БАП. ПОЧТА БАЙЛАНЫСЫ ХЫЗМЕТЛЕРИН КӨРСЕТИЎ

**9-статья. Почта байланысы хызметлери**

Почта байланысы хызметлери почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери тәрепинен почта ҳәм курьерлик хызметлер түринде көрсетиледи.

Почта хызметлери төмендегилер болып табылады:

почта жөнелтпелерин, соның ишинде халықаралық почта жөнелтпелерин жөнетиў ҳәм жеткерип бериў (тапсырыў);

ақша қаржыларының почта өткермелерин, соның ишинде, ақша қаржыларының халықаралық почта өткермелерин жөнетиў ҳәм жеткерип бериў (тапсырыў);

почта жөнелтпелерин, соның ишинде халықаралық почта жөнелтпелерин тезлестирилген почта режиминде жөнетиў ҳәм жеткерип бериў (тапсырыў).

Курьерлик хызметлер курьерлик жөнелтпелерди, соның ишинде халықаралық курьерлик жөнелтпелерди жөнетиў ҳәм жеткерип бериў (тапсырыў) болып табылады.

**10-статья. Почта байланысы хызметлерин көрсетиў қағыйдалары**

Почта байланысы хызметлерин көрсетиў қағыйдаларында төмендегилер болыўы керек:

пайдаланыўшыларға хызмет көрсетиўди шөлкемлестириўге байланыслы талаплар;

почта байланысы операторларының арнаўлы буйымлардан (штамплар, штемпеллер, мөрлерден) пайдаланыўы тәртиби;

почта ҳәм курьерлик жөнелтпелерди рәсмийлестириў стандартлары;

почта ҳәм курьерлик жөнелтпелердиң түрлери ҳәм олардың техникалық тәрийплемелери;

почта ҳәм курьерлик жөнелтпелерди, соның ишинде халықаралық почта ҳәм жөнелтпелерди жөнетиў ҳәм жеткерип бериў (тапсырыў) тәртиби;

ақша қаржыларының почта өткермелерин, соның ишинде, ақша қаржыларының халықаралық почта өткермелерин жөнетиў ҳәм жеткерип бериў (тапсырыў) тәртиби;

почта жөнелтпелерин, соның ишинде халықаралық почта жөнелтпелерин тезлетилген рәўиште жөнетиў ҳәм жеткерип бериў (тапсырыў) тәртиби;

почта ҳәм курьерлик жөнелтпелерди сақлаў мүддетлери;

почта ҳәм курьерлик жөнелтпелерди қайта жөнетиў ҳәм қайтарыў шәртлери;

почта байланысы тармағы арқалы жөнетилиўи қадаған етилген ҳәм шекленген предметлер ҳәм затлар дизими;

почта ҳәм курьерлик жөнелтпелерди иркип турыў ҳәм көзден өткериў тәртиби;

пайдаланыўшылардың мүрәжатларын қарап шығыў тәртиби;

Өзбекстан Республикасы шеклеринде жөнетилетуғын почта ҳәм курьерлик жөнелтпелеринен почта байланысы тармағы арқалы жөнетилиўи қадаған етилген предметлер ҳәм затларды алып қойыў тәртиби;

почта байланысы тармағы арқалы жөнетилиўи қадаған етилген предметлер ҳәм затларды жоқ етип таслаў тәртиби;

универсал хызметлер көрсетиў тәртиби ҳәм олардың сапасына болған талаплар.

Почта байланысы хызметлерин көрсетиў қағыйдаларында нызам актлерине муўапық басқа да режелер болыўы мүмкин.

**11-статья. Универсал хызметлер**

Универсал хызметлерге төмендегилер киреди:

Пайдаланыўшылардың почта карточкалары, хатлар, бандероллар ҳәм майда пакетлерди Өзбекстан Республикасы шеклеринде қолайлы баҳаларда жөнетиў ҳәм

жеткерип бериўге (тапсырыўға) байланыслы талапларын қанаатландырыў бойынша почта хызметлери;

көзи әззилердиң ҳәм көзи әззилер ушын мәкемелердиң талапларын қанаатландырыўда секограммалар алмасыўы бойынша почта хызметлери.

Универсал хызметлер көрсетиў миннетлемеси почта байланысының миллий операторына жүкленеди.

## 12-статья. Почта байланысы хызметлери ушын төлем

Почта байланысы хызметлери ушын төлем почта байланысы операторы ямаса провайдери тәрепинен шәртнама тийкарында белгиленетуғын тарифлер бойынша анықланады.

Универсал хызметлер ушын төлем нызам актлеринде белгиленген тәртипте арнаўлы ўәкилликли уйым тәрепинен тастыйықланатуғын тарифлер тийкарында анықланады.

Жазба хат-хабар жөнеткенлиги ушын төлем жазба хат-хабарға почта төлеминиң мәмлекетлик белгилерин түсириў арқалы тастыйықланады.

## 13-статья. Почта байланысы хызметлеринен пайдаланыўдағы жеңилликлер ҳәм абзаллықлар

Нызам актлеринде пайдаланыўшылардың айырым тайпалары ушын почта байланысы хызметлеринен пайдаланыўда жеңилликлер белгилениўи мүмкин.

Пайдаланыўшылардың айырым тайпаларына почта байланысы хызметлеринен пайдаланыўда белгиленген жеңилликлер берилиўине байланыслы почта байланысы операторлары яки провайдерлериниң қаржыларын компенсациялаў нызам актлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Пайдаланыўшылардың айырым тайпалары ушын почта байланысы хызметлеринен пайдаланыўда абзаллықлар белгилениўи мүмкин.

Почта байланысы хызметлеринен пайдаланыўда абзаллықлар берилетуғын пайдаланыўшылардың тайпалары дизими ҳәм усы хызметлерди көрсетиў тәртиби Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

## 14-статья. Почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларының пүтин сақланыўын тәмийинлеў

Почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларының пүтин сақланыўын почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери тәмийинлейди.

Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери арасында почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларының почта өткермелерин қабыл етиў ҳәм тапсырыў қабыл етилетуғын ҳәм тапсырылатуғын почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларының почта өткермелери ҳүжжетлестирилип

есапқа алыныўы тәмийинленген ҳалда, Почта байланысы хызметлерин көрсетиў қағыйдаларында белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржылары тасылатуғын транспорт қураллары белгиленген нормалар ҳәм қағыйдаларға муўапық үскенеленген болыўы керек.

Почта, курьерлик жөнелтпелерге ислеў берилетуғын ҳәм сақланатуғын, сондай-ақ ақша қаржылары сақланатуғын имаратлар, ханалар зәрүрли асбап-үскенелер, қорықлаў-өртке қарсы сигнализация қураллары менен үскенеленген болыўы керек.

Қуны жәрияланған жөнелтпелер нызам актлеринде белгиленген тәртипте қамсызландырылыўы мүмкин.

**15-статья. Тапсырылмай қалған почта, курьерлик жөнелтпелерден ҳәм ақша қаржыларының почта өткермелеринен пайдаланыў**

Почта, курьерлик жөнелтпени ямаса ақша қаржыларының почта өткермесин пайдаланыўшының мәнзилине байланыслы зәрүрли мағлыўматлар анық емеслиги ямаса жоқлығы, адресат көшип кеткенлиги себепли жеткерип бериў (тапсырыў) имканияты болмаса ямаса почта байланысы операторы ҳәм провайдери почта байланысы хызметлерин көрсетиў шәртнамасындағы өз миннетлемелерин орынлай алыўы имканияты болмаған басқа жағдайларда олар жөнетиўшиге Почта байланысы хызметлерин көрсетиў қағыйдаларында белгиленген мүддетлерде қайтарылады.

Егер пайдаланыўшының мәнзилине байланыслы зәрүр мағлыўматлар анық емеслиги ямаса жоқлығы себепли жеткерип берилмеген (тапсырылмай қалған) почта, курьерлик жөнелтпелерди ямаса ақша қаржыларын жөнетиўшиге қайтарыўдың имканияты болмаса ямаса жөнетиўши қайтарылған почта, курьерлик жөнелтпени ямаса ақша қаржыларын алыўдан бас тартса, бул жағдайда тарқатылмай қалған сыпатында ўақытша сақлаў ушын почта байланысы операторы ямаса провайдери тәрепинен қабыл етиледи.

Тарқатылмай қалған почта ҳәм курьерлик жөнелтпелерди ўақытша сақлаў нызам актлеринде белгиленген тәртипте почта байланысы операторы ямаса провайдери тәрепинен алты ай даўамында әмелге асырылады.

Усы статьяның үшинши бөлиминде белгиленген мүддети өткеннен соң:

баҳалы қағазлар, қымбат баҳалы металлар ҳәм басқа да предметлер белгиленген тәртипте реализация етиледи ҳәм почта байланысы операторлары ямаса провайдерлери қарежетлериниң орны қапланғаннан соң түскен пул қаржылары, сондай-ақ почта ҳәм курьерлик жөнелтпелерде анықланған пул қаржылары Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик бюджети дәраматына өткериледи;

ҳүжжетлер (паспортлар, дипломлар, гүўалықлар ҳәм т.б.) оларды берген кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлерге тапсырылады;

хатлар тийисли акт дүзилип, жоқ етип тасланады.

Адресатларды ҳәм жөнетиўшилерди излеўдиң илажы болмаса тарқатылмай қалған ақша қаржыларының почта өткермелери почта байланысы операторы тәрепинен 18 ай даўамында сақланады, буннан соң бул ақша қаржылары жергиликли бюджет дәраматына өткериледи.

### 16-статья. Хат алысыўлардың, почта ҳәм курьерлик жөнелтпелердиң сыры

Хат алысыўлардың, почта ҳәм курьерлик жөнелтпелердиң сырын сақлаў мақсетинде почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлериниң:

басқа шахсқа почта, курьерлик жөнелтпелер, ақша қаржыларының почта өткермелери ҳаққындағы мағлыўматларды, сондай-ақ пайдаланыўшылардың мәнзиллери ҳаққындағы мағлыўматларды жәрия етиўи;

почта ҳәм курьерлик жөнелтпени ашыў ямаса ашпаған ҳалда олардың мазмунына (жайланбасына) байланыслы мағлыўматларды билип алыўы;

почта ҳәм курьерлик жөнелтпелердиң мазмуны (жайланбасы) ҳаққында басқа шахсты хабардар етиўи қадаған етиледи, нызам актлеринде нәзерде тутылған жағдайлар буған кирмейди.

### 17-статья. Почта ҳәм курьерлик жөнелтпелерди жөнетиўдеги шеклеўлер

Почта байланысы тармағы арқалы почта ҳәм курьерлик жөнелтпелерди жөнетиўге байланыслы шеклеўлер нызам актлеринде белгиленеди.

Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери жөнетилиўи қадаған етилген жайланбасы болған почта ҳәм курьерлик жөнелтпелерди иркип турыў, сондай-ақ жайланбасы басқа почта ҳәм курьерлик жөнелтпелердиң бузылыўына (зыянланыўына) алып келиўши, почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери хызметкерлериниң ямаса өзге шахслардың өмири ҳәм денсаўлығы ушын қәўип туўдыратуғын почта ҳәм курьерлик жөнелтпелерди, егер бул қәўипти басқа жол менен сапластырып болмаса, жоқ етип таслаў ямаса жоқ етип таслаўға рухсат бериў ҳуқықына ийе.

## IV-БАП. ПОЧТА БАЙЛАНЫСЫ САЛАСЫНЫҢ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎШИЛИК ҲӘМ ЭКОНОМИКАЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ

### 18-статья. Почта байланысының меншиги

Почта байланысының мүлки ғалаба ямаса жеке меншик болыўы мүмкин.

Почта байланысы мүлкиниң мүлкдарлары, ийелери нызам менен кепиллик берилген тендей ҳуқықларға ийе.

**19-статья. Почта байланысы тармақлары ҳәм қуралларын раўажландырыў ҳәм реконструкциялаў**

Почта байланысы тармақлары ҳәм қуралларын раўажландырыў ҳәмде реконструкциялаў олардың мүлкдарлары, ийелери тәрепинен өз қаржылары, мәпдар юридикалық ҳәм физикалық шахслардың қаржылары, нызам актлеринде қадаған етилмеген басқа да дереклер есабынан әмелге асырылады.

Қалалар, поселкалар ҳәм аўыллар, турақ-жай массивлери ҳәм комплекслери, өз алдына имаратлар ҳәм қурылмалар жойбарланып ҳәм раўажландырылып атырғанда мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары почта байланысы объектлерин жайластырыў ушын имаратлар ямаса өз алдына ханалар қурылыўын қала қурылысы ҳүжжетлерине муўапық нәзерде тутылыўы керек.

Почта байланысы объектлерин автомобиль ҳәм темир жол вокзаллары, аэропортлар жанында, базарлар ҳәм мийманханаларда жайластырыў белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Автомобиль ҳәм темир жол вокзаллары, аэропортлар жанында почта байланысы объектлериниң имаратлары ҳәм қурылмаларын салыў ушын жер участкалары тиккелей оларға жақын жерлерден ажыратылыўы, қалаларда почтамтлар қурылыўы ушын болса қаланың орайлық бөлегинен почта ҳәм курьерлик жөнетпелер алмасыўы ушын шараятлар тәмийинленген ҳалда ажыратылыўы керек.

Елатлы пунктлерди ҳәм айырым имаратларды жаңадан қурыў, кеңейтиў, реконструкциялаў, пайдалы қазылмаларды қазып алыў себепли почта байланысы объектлерин көшириў (қайта көшириў) буйыртпашы тәрепинен өз қаржылары есабынан, почта байланысы операторларының технологиялық шәртлерине муўапық әмелге асырылады.

Почта қутылары пайдаланыўшылар ушын ҳәмде әпиўайы хатлар ҳәм почта карточкаларын жыйнап алыў ушын қолай болған жерлерге жайластырылыўы керек.

Абонент почта шкафлары қурылыс шөлкемлери тәрепинен көп квартиралы жайлардың биринши қабатларында орнатылады. Абонент почта шкафларын сатып алыў ҳәм орнатыў қәрежетлери усы көп квартиралы жайлардың қурылыс сметасына киргизиледи. Абонент почта шкафларын саз ҳалатта сақлаў көп квартиралы жайлардың меншик ийелери тәрепинен әмелге асырылады.

**20-статья. Почта байланысының транспорт қуралларынан пайдаланыў**

Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларын тасыўы ушын өзлерине тийисли транспорт қураллары: почта вагонларынан, автомобиллерден, сондай-ақ, шәртнама тийкарында юридикалық ҳәм физикалық шахсларға тийисли транспорт қуралларынан пайдаланады.

Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлериниң почта, курьерлик жөнелтпе ҳәм ақша қаржыларын тасыў ушын пайдаланатуғын транспорт қураллары арнаўлы ўәкилликли уйым тәрепинен тастыйықланатуғын арнаўлы парықлаў белгилерине ийе болыўы керек.

Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлериниң почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларын тасыў ушын пайдаланатуғын транспорт қураллары басқа жумысларды орынлаў ушын олардың келисимисиз пайдаланылыўы ҳәм алып қойылыўы мүмкин емес.

Қалалар аралық ҳәм халықаралық бағдарларда жолаўшы ҳәм жүклерди турақлы тасыўшы темир жол, ҳаўа ҳәм автомобиль транспортының хожалық жүргизиўши субъектлери почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери менен почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларын тасыў шәртнамаларын дүзиўден бас тартыўға ҳақылы емес.

Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлериниң почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларын тасыў ушын пайдаланатуғын транспорт қураллары қалалар, поселкалар, аўыллардың көшелерин бойлап, автомобиль жолларында тосқынлықсыз жүриў ҳәм автомобиль, темир жол вокзаллары ҳәм аэропортлар жанында жайласқан почта байланысы объектлерине, жүк (багаж) комплекслерине тосқынлықсыз кириў ҳуқықына ийе.

**21-статья. Почта байланысы миллий операторы хызметкериниң формалы кийими ҳәм өңир белгиси**

Почта байланысы миллий операторы хызметкери хызмет ўазыйпаларын орынлаў ушын формалы кийим ҳәм өңир белгиси менен тәмийинленеди.

Почта байланысы миллий операторы хызметкериниң формалы кийими ҳәм өңир белгисин тастыйықлаў ҳәм олардан пайдаланыў тәртиби арнаўлы ўәкилликли уйым тәрепинен белгиленеди.

## V-БАП. ПОЧТА БАЙЛАНЫСЫ ОПЕРАТОРЛАРЫ, ПРОВАЙДЕРЛЕРИНИҢ ҲӘМДЕ ПАЙДАЛАНЫЎШЫЛАРДЫҢ ҲУҚЫҚ ҲӘМ МИННЕТЛЕРИ

**22-статья. Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлериниң ҳуқықлары**

Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери төмендеги ҳуқықларға ийе:

почта байланысы хызметлерин көрсетиў, усы Нызамның 23-статьясында атап көрсетилген хызметлер буған кирмейди;

халықаралық почта байланысы хызметлери көрсетилгенлиги ушын басқа мәмлекетлердиң почта байланысы операторлары менен өз-ара есапласыўларды әмелге асырыў;

эмблемаға ийе болыў ҳәм оннан өз жумысында нызам актлерине муўапық пайдаланыў.

Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери нызам актлерине муўапық басқа да ҳуқықларға ийе болыўы мүмкин.

**23-статья. Почта байланысы миллий операторының айрықша ҳуқықлары**

Почта байланысы миллий операторы төмендеги айрықша ҳуқықларға ийе:

почта вагонлары ҳәм почта қутыларына Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик герби сүўретин жайластырыў;

басқа мәмлекетлердиң почта байланысы операторлары менен почта байланысы саласындағы өз-ара ҳәрекетлерде ҳәм халықаралық шөлкемлерде Өзбекстан Республикасының мәплерин өз ўәкилликлери шеклеринде билдириў ҳәм қорғаў;

әпиўайы хатлар ҳәм почта карточкаларын жөнетиў, мәмлекетлик пенсиялар ҳәм напақаларды жеткерип бериў (тапсырыў) бойынша хызметлер көрсетиў.

**24-статья. Пайдаланыўшылардың ҳуқықлары**

Пайдаланыўшылар төмендеги ҳуқықларға ийе:

Өзбекстан Республикасының пүткил аймағында почта байланысы хызметлеринен пайдаланыў;

өз ҳуқық ҳәм миннетлери, Почта байланысы хызметлерин көрсетиў қағыйдалары, көрсетилип атырған хызметлер ҳаққында ҳәм усы хызметлерге байланыслы тарифлер ҳаққындағы мағлыўматтан еркин пайдаланыў;

өз почта мәнзили бойынша, талап етип алыў тәризинде ямаса абонемент почта шкафының қутышаларынан пайдаланған ҳалда почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларының почта өткермелерин алыў;

өз почта мәнзилине келген почта, курьерлик жөнелтпелер ямаса ақша қаржыларының почта өткермелеринен бас тартыў;

қуны жәрияланған жөнелтпе жайланбасының баҳасы суммасын өз бетинше белгилеў;

почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери тәрепинен өз ўақтында ҳәм сапалы хызмет көрсетилиўи;

почта байланысы хызметлери көрсетилмегенлиги ямаса тийисли дәрежеде көрсетилмегенлиги нәтийжесинде келтирилген зәлелдиң орны қапланыўы, руўхый зыян компенсация етилиўи;

өз ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплерин бузатуғын ҳәрекетлер (ҳәрекетсизлик) ҳәм шешимлер үстинен тиккелей судқа ямаса бойсыныў тәртибинде жоқары уйымға, лаўазымлы шахсқа шағым менен мүрәжат етиў.

Пайдаланыўшылар нызам актлерине муўапық басқа да ҳуқықларға ийе болыўы мүмкин.

**25-статья. Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлериниң миннетлери**

Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери:

почта байланысы саласында усы Нызамға ҳәм Почта байланысы хызметлерин көрсетиў қағыйдаларына муўапық жумысты әмелге асырыўы;

пайдаланыўшылардың почта байланысы хызметлеринен еркин пайдалана алыўын тәмийинлеўи;

көрсетилип атырған почта байланысы хызметлериниң сапасын тәмийинлеўи;

почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларының пүтин сақланыўын тәмийинлеўи;

Почта байланысы хызметлерин көрсетиў қағыйдаларында белгиленген талаплар пайдаланыўшы тәрепинен бузылған жағдайда почта байланысы хызметлерин көрсетиўди тоқтатып қойыўы;

почта байланысының үзликсиз ҳәм қәўипсиз ислеўин тәмийинлеўи;

почта байланысы хызметлерин көрсетиў ушын зәрүр болған технологиялық үскенелер, механизацияластырыў, автоматластырыў ҳәм мәлимлемелестириў қуралларына ийе болыўы;

пайдаланыўшыларға почта байланысы хызметлерин көрсетиў шәртлери ҳәм тәртиби ҳаққындағы, сондай-ақ почта байланысы хызметлери тарифлериниң өзгергенлиги ҳаққында мәлимлемени усыныўы;

почта байланысы хызметлери көрсетилмегенлиги ямаса тийисли дәрежеде көрсетилмегенлиги нәтийжесинде келтирилген зәлелдиң орнын нызам актлерине муўапық қаплаўы, сондай-ақ оларға келтирилген руўхый зыянды нызам актлерине муўапық компенсация етиўи шәрт.

Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери нызам актлерине муўапық басқа да миннетлерге ийе болыўы мүмкин.

**26-статья. Пайдаланыўшылардың миннетлери**

Пайдаланыўшылар:

усы Нызамға ҳәм Почта байланысы хызметлерин көрсетиў қағыйдаларына бойсыныўы;

өзлерине көрсетилген хызметлер ушын ҳақы төлеўи;

почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлериниң жумыс сапасын пәсейтиўге қаратылған ҳәрекетлерди ислемеўи шәрт.

Пайдаланыўшылар нызам актлерине муўапық басқа да миннетлерге ийе болыўы мүмкин.

## VI-БАП. ЖУЎМАҚЛАЎШЫ РЕЖЕЛЕР

### 27-статья. Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлериниң жуўапкершилиги

Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери почта байланысы хызметлерин көрсетиў бойынша миннетлерди орынламағаны ямаса тийисли дәрежеде орынламағаны ушын пайдаланыўшылар алдында белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

Почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлерин жуўапкершилиги почта ҳәм курьерлик жөнелтпелер жоғалған, бузылған (зыянланған), жайланбалар кемис шыққан, почта ҳәм курьерлик жөнелтпелер жеткерип берилмеген (тапсырылмаған), қадағалаў мүддетлери ҳәм почта байланысы ҳаққындағы нызам актлери бузылған басқа да жағдайларда жүзеге келеди.

Почта байланысы хызметлерин көрсетиўде пайдаланыўшыларға келтирилген зыянның орны почта байланысы операторы яки провайдери тәрепинен төмендеги жағдайларда ҳәм муғдарларда қапланады:

буйыртпа хат, буйыртпа почта карточкасы, буйыртпа бандероль ямаса почта жөнелтпеси алынғанлығы ҳаққындағы буйыртпа билдириўнама жоғалғанда – почта байланысы хызметине төленген сумма муғдарында неустойка;

қуны жәрияланған посылка, бандероль ҳәм хат жоғалғанда – жәрияланған қунның еки есеси муғдарында ҳәм почта байланысы хызмети ушын төленген сумма муғдарында неустойка, жәрияланған қун ушын тариф төлеми буған кирмейди;

қуны жәрияланған жөнелтпе жайланба дизими менен жөнетилгенде жайланбаның бир бөлеги жетиспегенде ямаса бузылғанда (зыянланғанда) – жөнетиўши дизимде көрсеткен жайланбаның жетиспей атырған ямаса бузылған (зыянланған) бөлеги ушын жәрияланған қунның еки есеси муғдарында;

қуны жәрияланған жөнелтпе жайланба дизимисиз жөнетилгенде жайланбаның бир бөлеги жетиспесе ямаса бузылса (зыянланса) – жайланбаның жетиспей атырған ямаса бузылған (зыянланған) бөлеги аўырлығының жиберилген жайланбаның аўырлығына (почта ҳәм курьерлик жөнелтпеси орамының аўырлығысыз) пропорционал тәризде анықланатуғын почта ҳәм курьерлик жөнелтпениң қуны жәрияланған бөлегиниң еки есеси муғдарында;

адресатқа ақша қаржыларының почта өткермеси бойынша пул төленбегенде ямаса натуўры төленгенде яки, егер өткерилген пулларды адресатқа

бериўдиң имканияты болмай, ол жөнетиўшиге де төленбеген болса – өткермениң төленбеген ямаса жетерли дәрежеде төленбеген бөлеги суммасы муғдарында ҳәмде почта байланысы хызметине төленген сумма муғдарында неустойка;

адресаттан үстеме төлем муғдары кемис алынғанда ямаса үстеме төлем надурыс төленгенде – алынбай қалған ямаса надурыс төленген үстеме төлем суммасы муғдарында;

қуны жәрияланған посылкалар, бандероллар ҳәм хатлар, сондай-ақ ақша қаржыларының почта өткермелерин жөнетиў ямаса жеткерип бериў (тапсырыў) қадағалаў мүддетлеринен көбирек иркип қалынғанда – иркип қалынған ҳәр бир күн ушын почта байланысы хызметине төленген сумманың бир проценти муғдарында, лекин усы хызметке төленген суммадан көп болмаған муғдарда неустойка. Зәлелдиң орны жөнетиўшилердиң яки адресатлардың талабына муўапық қапланады;

авиа жөнелтпелерди (бандероллар, посылкалар) жөнетиў ямаса жеткерип бериў (тапсырыў) қадағалаў мүддетлеринен көбирек иркип қалынғанда – авиа ҳәм жер үсти транспортында жөнетиў арасындағы төлем парқы муғдарында ҳәм буннан тысқары жер үсти транспорты арқалы жөнетиўдиң қадағалаў мүддетинен көбирек иркип қалынған ҳәр бир сутка ушын – усы статьяның екинши бөлиминиң сегизинши абзацына муўапық;

саламатластырыў мәкемелерине жолламалар, авиа ҳәм жер үсти транспорты жол билетлери салынған қуны жәрияланған хатларды жөнетиў ямаса тапсырыў қадағалаў мүддетлеринен кешиккенлиги себепли олардан пайдаланыў мүддетлери өтип кеткен жағдайда – келтирилген зәлелдиң еки есеси муғдарында, лекин жайланба дизиминде жәрияланған қунының еки есесинен көп болмаған муғдарда ҳәм почта байланысы хызмети ушын төленген сумма муғдарында неустойка;

халықаралық почта ҳәм курьерлик жөнелтпелер жойтылғанда, бузылғанда (зыянланғанда), жайланбалар жетиспегенде, тапсырылмағанда, ақша қаржыларының халықаралық почта өткермелери әмелге асырылмағанда – келтирилген зәлелдиң орнын Өзбекстан Республикасы халықаралық шәртнамалары менен анықланатуғын муғдарда қаплаў.

Почта ҳәм курьерлик жөнелтпелердиң жоғалғанлығы, бузылғанлығы (зыянланғанлығы), тапсырылмағанлығы ямаса оларды жөнетиў мүддетлери бузылғанлығы ушын, егер бул жеңип болмас күш ямаса почта ҳәм курьерлик жөнелтпелер жайланбасының өзгешеликлери себепли жүзеге келгенлиги дәлилленсе, сондай-ақ почта ҳәм курьерлик жөнелтпелерди бажыхана көригинен өткериў мүддетлери бузылғанлығы ямаса олардың бажыхана уйымлары тәрепинен алып қойылғанлығы ушын почта байланысы операторлары ҳәм провайдерлери жуўапкер болмайды.

**28-статья. Почта байланысы хызметлеринен пайдаланыўшылардың жуўапкершилиги**

Почта байланысы хызметлеринен пайдаланыўшылар почта байланысы хызметлериниң басқа пайдаланыўшыларынан почта байланысы операторлары ямаса провайдерлерине келтирилген, жөнетилиўи қадаған етилген предметлер ҳәм затларды почта ҳәм курьерлик жөнелтпелерге жайлаў нәтийжесинде ямаса олардың тийисли дәрежеде оралмағанлығы нәтийжесинде жүзеге келген зыян ушын белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

**29-статья. Қәлбеки почта төлеминиң мәмлекетлик белгилерин таярлағанлығы, сатқанлығы ушын жуўапкерлик**

Қәлбеки почта төлеми мәмлекетлик белгилерин сатыў мақсетинде таярлаўда ямаса сатыўда, сондай-ақ билқастан франкирлеў машиналарының қәлбекилестирилген тамға излеринен пайдаланыўда айыпкер болған шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

**30-статья. Талапнамаларды усыныў тәртиби ҳәм мүддетлери**

Почта байланысы хызметлерин көрсетиў бойынша миннетлер орынланбаған ямаса тийисли дәрежеде орынланбаған жағдайда пайдаланыўшы почта байланысы операторы яки провайдерине талапнама усыныўға, соның ишинде келтирилген зыянның орны қапланыўын талап етиўге ҳақылы.

Почта ҳәм курьерлик жөнелтпелер тапсырылмағанлығы, өз ўақтында жеткерип берилмегенлиги ямаса жойтылғанлығы, бузылғанлығы (зыянланғанлығы) яки өткерилген ақша қаржылары төленбегенлиги ҳаққында талапнама почта, курьерлик жөнелтпелер ямаса ақша қаржыларының почта өткермеси тапсырылған күннен баслап алты ай даўамында усынылады.

Талапнамалар жазба түрде усынылады ҳәм белгиленген тәртипте дизимнен өткерилиўи шәрт.

Талапнамаларға жазба жуўаплар төмендеги мүддетлерде берилиўи керек:

бир елатлы пункт шеклеринде жөнетилетуғын (өткерилетуғын) почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларының почта өткермелерине байланыслы талапнамаларға – бес күн ишинде;

басқа барлық почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларының почта өткермелери бойынша талапнамаларға бир ай ишинде.

Почта байланысы операторлары яки провайдерлерине почта, курьерлик жөнелтпе ҳәм ақша қаржыларының почта өткермеси қабыл етилген яки жөнетилиўи белгиленген мәнзил бойынша талапнама усынылыўы мүмкин.

Халықаралық почта, курьерлик жөнелтпелер ҳәм ақша қаржыларының почта өткермелерин излеп табыў бойынша талапнамалар Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасының нызам актлери ҳәм халық-

аралық шәртнамаларда нәзерде тутылған тәртип ҳәм мүддетлерде қабыл етиледи ҳәм қарап шығылады.

**31-статья. Тартысларды шешиў**

Почта байланысы шөлкемлестирилиўи ҳәм жумыс алып барыўы саласындағы тартыслар нызам актлеринде белгиленген тәртипте шешиледи.

**32-статья. Почта байланысы ҳаққындағы нызам актлерин бузғанлығы ушын жуўапкерлик**

Почта байланысы ҳаққындағы нызам актлери бузылыўында айыпкер шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.